Njàŋgu'm caada yu wute
Suñu addina leegi dafa jaxasoo, te boole ay xeet ak waasoo yu wute. Ay nit ñu bookul cosaan ak làkk ñoo di dundëndoo ci sardee, ekool, park wolla yeneen yëŋgu-yëŋgu, te loolu mooy yombal dundu mbooloo. Lii moo tax ñu wara moytu di wóolóodiku képp ku ñu xamul, te di bareel ndaje yu mel nii.

Njàŋgu'm xaleel
Njàŋgu'm xaleel mooy bu xale bi juddoo ba bi muy am 6 at, ñu xaaj ko ñaari xaaju ñetti at.
Soo bëggee xam ban kalaas la sa doom wara tollu, da ngay jël at mi muy am ci biir atu ekool bi mu nekk. Ci misaal, xale yiy am ñeti at ci 2006 ñi ngii dal ci atum ekool bu 2006-2007.

Ekoolu njàŋgu'm xaleel, yu gowernmaa wolla yu piriwe ñooy yore xaaj bu ndaw bi, ba xalebi am 3 at.

Ñaareelu xaaj bi ñingi kay defe ci ekoolu njàŋgu'm xaleel, te kenn du fay ci ekoolu gowernmaa wolla yu piriwe yu gowernmaa biy dimbale. Jàŋgalekat yu xereñ ñooy yore xaleyi, ci bërëb yu baax te bookkul ak yeneen kalaas yi ci ekoolbi. Amna ay serwiis yuy dimbale xaleyi te dileen fajal seen soxla yép yu jëm ci njàŋg.
Lii du lu war, wante ñiy saytu njàŋgmi warna ñu fexe ba palaas yu doy am ba képp ku bëgg sa doom dugg ci njàŋg'um xaleel ñu dugal ko.

Xaleelu ñetti at ndaŋk la ñuy dugge ekool, lii mooy li ñu tudde jamano miinal. Waajuryi, jàŋgalekatyi ak képp kuy yëŋgëtu ci njàŋgale war nañu ci dugal seen loxo ndax seen doom mëna dugg ci njàŋgmi ci lu mu gënë neexe.

Ekool primeer
6 at ba 12 at, ñetti xaaju ñaari at, mudi juróom-benni kuur.
Lu warla, te keen du fay ci ekoolu gowernmaa wolla yu piriwe yu gowernmaa biy dimbale. Ñi ngi kay defe ci ekool primeeryi.
Day boole xaleyi jàŋgalleen suñu caada. Day topp xale bu nekk, jële ko na mu mel te itam amna jàŋgalekat yu yaatal ak yu xereñ ci làkk, misik, taggat yaram ak, su ko laajee, faj, dégg and wax.

Santru ekoolbi

Kureelu nguuru diwaan bi moom boppam, seet ak saytu
Ñoom ñooy fexe ba yópp tegu ci yoon te itam jàŋgale mi baax. Ñooy wóral wareef ak sañsañu nëpp ñiy yëŋgëtu ci njàŋgalemi, di bookk ci dundu ekoolbi, saytoo'm ak nattam.

- Kureelu njiit yi : Direktër, diglekatu njàŋgale, sekreteer
- Konseyu ekool : ñëpp ñiy yëŋgëtu ci njàŋgale warna ñu leen fi teewal. Nii la ñuy bookke ci seet ak saytu ekoolbi.
- Kureelu jàŋgalekatyi : jàŋgalekatyi ci ekoolbi yëpp. Moo yore dajale, tërëlin ak dogal ci ni ekool bi di jàŋgalee

1 **Dajale jàŋgalekatyi**

Ñoo yore jëflëte digante jàŋgalekatyi.

Jàŋgalekat : grupu eleew yëpp (kalaas) amnañu jàŋgalekat.
Kureelu xaaj (xaleel ak primeer) : jàŋgalekatyu bookk xaaj ñooy tërël ak di saytu njàŋgalemi.
Kureelu njiitu njàŋgale : njiitu kereelu xaaj yëpp, ak diglekatu njàŋgalemi ak diglekatu tegtalbi wolla kenn ku bookk ci kureelu tegtal ëpp book nañu ci Kureelu njiitu njàŋgale. Direktëru ekoolbi moo ko jiite.

Yeneen serwiis
Yoon moo dogal ni xale bu nekk amnga sañsañu ñu dugal la ci ekool bu la gënë jege. Nguurgi dana la jox demakdikk, lekk, ak su ko laajee, internaa te doo fay dara.

Téere yi kenn du ko jënd
Guwernmaa Aragon fexena ba njàŋg mu suufebi lu warla te kenn du fay. Ekoolyi joxnañu leen xaalis ngir ñu able téere yi ñuy jàŋge.

Ubbi ay santr ci dëkkbi
Ci atum 2002 la guwernmaa Aragon teg loxo ci ubbi ekoolyi ngir ñëpp am bërëb yu ñuy jàŋge. Ekoolu xale yu ndawyi, primeeryi ak yu xereñyi mënnañu yaatal seeni woxtu ngir yookk prograamu ubbi yëŋg-yëŋgu biti-ekool, lekk ak yeneen anam lu ñuy yokkee njàŋgu xaleyi.

Njàŋgu téere
Teel miinal xaleyi téere day tax ba ñu bëgg liir ; lii warna ñu ko jàŋgale ci ekool ak ci kërgi, di tette xalebi ci soopp addina bi nekk ci téere yi.

Xarale yegle ak jëflënte
Xamxamu xarale yu beesyi dana yookk mënmënu jëflënte, gëstu ak deñ kumpë. Su ngeen wonee seen doom lii yëpp, dana tax ba dara du ko jaaxal ci mbiru widéo, film, télé, etc.)

Làkku bitim-réew
Jamano xale ci la ñuy jàŋge jëflënte wax ak jëf. Warnga sukkëndiku ci mënmën boobu ngir jàŋgal xalebi là bu dul bosam te mu koy jariñoo ngir jàŋg yeneen addina ak yeneen caada.

Nan nga mënë liggeeyak sa doom ci loolu ?

- Bëgglooko ekool.
- Bis bu nekk defloo ko ci kërgi lu koy sawarloo.
- Faaydaal ligeey yi muy indi ci kërgi te di déglu li mu lay nettali.
- Bu leen kay bóof wolla di ko yen lu mu attanul, ndax mu mënël boppam.
- Teeweleen ndaje ganale ci ekoolbi.
- Bookleen ci ndaje wonale ak toopp xalebi ciy njàŋgam.
- Bookleen ci dundu ekoolbi, kureelu waajuryi (APA) ak konseyu ekoolbi.
- Bookkleen ci yëŋg-yëŋgu ekool yi laaj wajuryi teew.

Yoonwi ngeen jelendoo, yeen waajuryi, eleewyi ak jàŋgalekatyi, lu am solola ci seen dundu doom. Ñu ngileen di ñaax ngeen faydaal bu baax seen jëflënte ak mbooloo ekool bi ngeen bookk, ndax ngeen indi ngëneel ak jëmële kanam ci ekoolbi ak njàŋgalemi